# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–21 दिसंबर 2024** **भोजपुरी समाचार**

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु लखनऊ के केजीएमयू के एक सौ बीसवां स्थापना दिवस समारोह में सड़सठ मेधावी छात्रन के मेडल अउर सर्टिफिकेट दे के सम्मानित कइले। येह मौका पर उहां के कहली कि संकट काल में जब कउनो चुनौति आवेला तब्बे संस्थान अउर लोगिन के बुद्धिमता अउरी साहस क असली पहचान होला। केजीएमयू के अगिला सौ बरिस क लक्ष्य बना के आगे बढ़े के होइ जेह से संस्थान के गौरव के अउरियों बढ़ावल जा सके। श्री योगी कहले कि कोरोना काल में ई संस्थान मिसाल पेस कइले हौ। ईहा मेडिकल के सबसे बेसी सीट हौ जहां पढ़ाई कइ के लइका लोगि चिकित्सा संस्थान क उपलब्धियन के अउरियो आगे ले जइहें। उहां के कहली कि सरकार संस्था बदे अत्याधुनिक मसीन अउरी लैब बदे तीन सौ करोड़ रूपिया मंजूर कइले हौ। एकरे अलावा तीन सौ सहत्तर करोड़ रूपिया से सर्जरी विभाग क एगो नई बिल्डिंग बनावे के मंजूरी दिहल गइल हौ। येह मौका पर उप मुख्यमंत्री ब्रजेश पाठक, राज्यमंत्री मयंकेश्वर शरण सिंह अउर कुलपति प्रोफेसर सोनिया नित्यानंद समेत कइ लोग मौजूद रहलें।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु गोरखपुर के बाबा गम्भीरनाथ प्रेक्षागृह में एगो कार्यक्रम में स्वयं सहायता समूह क महिला लोगिन के कैस क्रेडिट लिंकेज प्रमाण पत्र बंटले के सथहीं उनकर हौसलो बढ़वलें। येह मौका पर मुख्यमंत्री ड्रोन दीदी, लखपति दीदी, बीसी सखी अउर विद्युत सखी के रूप में बढ़ियां कार करे वाली महिला लोगिन के सम्मानित कइलें। येह दौरान मुख्यमंत्री बाबा गोरखनाथ कृपा दुग्ध उत्पादक संस्था क लोकारपणों कइलें। सथहीं, गोरखपुर मण्डल में बनल सात दुग्ध अवसीतन केन्द्रनों क लोकारपण कइलें।

**********

उत्तर प्रदेश लोक सेवा आयोग क बिहने होखे वाली पीसीएस दुइ हजार चउबीस प्रारम्भिक परीक्षा में नकल रोकले अउर पारदरसिता बदे प्रदेस सरकार कड़ेर इंतिजाम कइले हौ। परीक्षा केन्द्रन पर बायोमेट्रिक हाजिरी त होबे करी, प्रवेस पत्र पर होलोग्रामों लगावल जाई। मुह ढकि के परीक्षा केन्द्र में गइले पर रोकि रही, जेहसे हर परीक्षार्थी सीसीटीवी के निगरानी में रहें। प्रदेस के पचहत्तर जिला के तेरह सौ एकतीस केन्द्रन पर दुइ पाली में परीक्षा करावल जाई। पहिला पाली साढ़े नौ से साढ़े इग्यारह अउर दुसरका पाली दुपहरिया अढ़ाई बजे से साढ़े चारि बजे ले होई, जेहमें पांच लाख छिहत्तर हजार अभ्यर्थी पंजीकृत हवें। परीक्षार्थियन के परीक्षा से डेढ़ घंटा पहिले प्रवेस दीहल जाई बाकिर तय समय से पैंतालीस मिनट पहिले गेट बन्द कइ दिहल जाई। परीक्षा खतम भइले के तीस मिनट बाकी रहले पर कउनों अभ्यर्थी बहरे नाहीं जा सकी। परीक्षा के देखत प्रदेस क मुख्य सचिव मनोज कुमार सिंह सज्जो मण्डलायुक्त अउर जिलाधिकारियन के बिसेस सुरक्षा सुनिस्चित कइले क निरदेस दिहले हवें।

**********

प्रदेस समेत पूरा देस में आजु पहिला विस्व ध्यान दिवस मनावल जा रहल हौ। एकर आयोजन सान्ति अउर कल्याण की भावना से जीये बदे प्रेरित करे खातिर सुरू कइल गइल हौ। प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी देसवासियन से ध्यान के रोजमर्रा क हिस्सा बनउले क अपील करत कहले कि ध्यान समाज अउर व्यक्ति के जीवन में सान्ति अउर समरसता क मजबूत जरिया हौ। उहां के कहली कि मौजूदा दौर में ऐप अउर वीडियो ध्यान में सहायक हो सकेलें।

**********

कान्वेंट स्कूलन के जइसन अब परिषदीय स्कूलनों में लइकन के सैक्षिक आकलन बदे हर महिन्ना टेस्ट लिहल जाइ। नई व्यवस्था के नया सिक्षण सत्र से लागू करे बदे राज्य सिक्षा एवं प्रसिक्षण संस्थान की ओरि से टेस्ट बदे कोर्स तैयार कइले क प्रक्रिया सुरू कै दिहल गइल हौ। एकरे अलावा परिषदीय स्कूलन में बेहतरी बदे नया सत्र से हर महिन्ना पैरेंटस टीचर मीटिंगों क आयोजन कइल जाइ।

**********

स्कूल गेम्स फेडरेशन ऑफ इंडिया के तहत अयोध्या मण्डल मुख्यालय पर आयोजित चारि दिवसीय नेसनल चैंपियनसीप खो–खो प्रतियोगिता क आजु सहकारिता मंत्री जेपीएस राठौर सुरूआत कइलें। जीआईसी मैदान पर हो रहल येह प्रतियोगिता में 29 राज्यन से 32 टीमि सामिल हो रहल हइन। प्रतियोगिता में सात सौ 68 महिला खेलाड़ी हिस्सा ले रहल हइनि। येह मौका पर सहकारिता मंत्री कहली कि खेल में प्रतिस्पर्धा जेतने बढ़ी ओतने नवयुवकन में रूचियों बढ़ी। उहां के कहली कि प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आ मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ खेलन के बढ़ावा दे रहल हवे अउर खेलाड़ी पूरा विस्व में कीर्तिमान बना रहल हवे।

**********